

**ANALISIS TINDAK TUTUR ILOKUSI DINA PILEM “KELUARGA  
CEMARA” (2019) KU YANDY LAURENS JEUNG POSISINA DINA  
KURIKULUM 2013**

**ku**

**Bella Fauzi Auliska  
NIM 175030061**

**RINGKESAN**

*Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun hasil tindak tutur ilokusi dina pilem Keluarga Cemara (2019) karya Yandy Laurens jeung kalungguhanana dina kurikulum 2013. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dumasar kana kurangnya pamahaman dina ngaregepkeun informasi, ku kituna mindeng lumangsung kasalahpahaman. Hal ieu dibarung ku pamadegan Tarigan (2021, kc. 109) nu nyebutkeun yén faktor nu mangaruhan kana ngaregepkeun nya éta faktor pangalaman. Latar pangalaman mangrupa faktor penting dina kagiatan ngaregepkeun. Seueur pamahaman kosakata nalika ngupingkeun ogé mangaruhan kaahlian ngaregepkeun. Ku kituna, panalungtikan tindak tutur ilokusi dilaksanakeun dina pilem “Keluarga Cemara”. Ulikan tindak tutur ilokusi ieu ngarujuk kana tiori Searle (1969). Jenis panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta panalungtikan kualitatif. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun méthode observasi jeung méthode catat. Sumber data panalungtikan ngagunakeun sumber data primer, nya éta pilem Kulawarga Cemara (2019) karya Yandy Laurens. Hasil tina ieu panalungtikan nya éta: kahiji, hasil analisis tindak tutur ilokusi dina pilem Keluarga Cemara (2019) karya Yandy Laurens ngandung 95 data tindak tutur ilokusi. Data anu kapanggih ku panalungtik ngawengku 40 data ilokusi asertif, 32 data ilokusi diréktif, 17 data ilokusi éksprésif, jeung 6 data ilokusi komisif. Kadua, hasil analisis tindak tutur ilokusi dina pilem Keluarga Cemara (2019) bisa dijadikeun bahan ajar pangajaran basa Indonésia ngeunaan téks ulasan di tingkat SMP, leuwih tepatna dina kelas VIII.*

**Kecap konci: Tindak tutur ilokusi; film; kurikulum 2013; bahan pangajar**